

ISTWA TI LEZA A KI TE APRANN VOLE

Jean-Pierre Petit
(Tradwi pa: Nahum Saintol)

Se te yon fwa yon ti leza ki te gen
long, long pat.



Lòt bèt yo t'ap pran plezi sou li.

Yon jou li te gen yon gwo
sipriz: plim te kòmanse
ap pouse sou
pat li yo.






Sou ti pat yo
Sou tèt li



E menm sou ke'l.

Fwa sa, TOUT bèt yo t'ap pran plezi sou li.



Tontan li Stegozò a, ki te gen
sèvo li gwo tankou yon nwa.




Kouzen li Pteranodon



Menm Triseratòps la, si vilen
te pran plezi sou li.



Alafen, li pa't oze
montre tèt li ankò.



Men yon jou, nan gran forè jirasik la,
yon pa monstrye rezone.




Yon bèt tèrib ranpli
mond la avèk kri li.



Gran Tiranozò
a te la.




Li te kòmanse dechire yon dinozò avèk bèk kana,
ki te sou wout li.



Aprè sa
li fè pran lafwit
yon femèl
Protoaseratòp.


Pou li
ka manje ze li.




Se lè sa li wè ti leza a,
ki te tèrifye pa vizyon tèrib sa.



Li t'ap eseye
pran lafwit,
men pat long li yo te
jennen' l pou' l kouri.



Ti leza a t'ap vire tèt li tanzantan,
pou'l wè lonbraj tèrib sa ki t'ap raproche de li.



Tiranozò a, ki pa't wè lòt bagay
ke pòv bèt sa, t'ap leche
babin li davans.



Ni yon ni lòt pa't wè yo
t'ap kouri vè yon presipis.



Lè ti leza a wè sa,
 li di tèt li,
 mouri pou mouri,
 pito'l peri
 frakase sou wòch
 sa yo pase pou bèt
 afre sa devore'l.

Li ekate bra'l yon dènye fwa, e li sote nan vid la,
 Je fèmen.



Tiranozò a, ke je'l t'ap briye avèk konvwatiz,
 Lage kò'l sou li.

kote li peri,
frakase.




Tiranozò
a tonbe nan
presipis la

Oògl...

Ti leza a te tou sezi wè li ankò an vi.

Non de Dye,
m'ap vole!






Se yon kesyon
vòl plane, sa pa tèrib,
men mwen rete anlè,
se deja sa...




Bon san ! Si omwen mwen
te konn ateri ...



Mwen pa gen
anyen ki kase

Sa sèvi'w a kisa, bagay sa yo ?



Ou konnen, mwen byen kontan mwen genyen yo.
San sa, talè a, m't'ap bon pou...

Ti leza a, ki te aprann vole, te ale,
byen gaya.



Savan yo, ki renmen konplike tout bagay, te rele'l
Akeyopteriks, e yo konsidere'l jodya tankou
zansèt zwazo.

